

Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal



Eunice Kennedy Shriver Center

Insurance Resource Center for Autism and Behavioral Health

@IRCABH
774-455-4056

www.massairc.org
airc@umassmed.edu



Foto rekadre de yon gwoup moun yo pa ka idantifye k ap kenbe men youn ak lòt.

Kijan Pou Jwenn Yon Founisè Sèvis Sante Konpòtman Atravè Asirans Prive

Swiv etap sa yo pou jwenn yon founisè **sante konpòtman** pou pitit ou:

1. Pifò sèvis tretman sante mantal, tankou terapi ak/oswa jesyon medikaman, yo kouvri pa asirans. Kontakte konpayi asirans ou pou w konnen ki avantaj tretman sante konpòtman ki disponib pou ou menm ak pitit ou. Chak konpayi asirans gen yon lis sèvis ki kouvri sou sit entènèt li, epi gen tou yon nimewo sou do kat asirans ou kote ou ka jwenn èd pou w verifye benefis pitit ou.
2. Mande yon moun ou fè konfyans pou rekòmande w kèk founisè swen sante. Gen kèk fanmi ki prefere chèche enfòmasyon nan lekòl pitit yo, nan biwo pedyat la, oswa atravè yon òganizasyon kominotè lokal. Souvan, paran yo mande lòt paran pou yo pataje eksperyans yo ak founisè swen sante nan zòn nan. Li bon pou w fè yon lis ak plizyè opsyon pou jwenn sipò, paske kèk sèvis ka gen yon lis dantant long, pa ka travay ak asirans ou, oswa ka pa anfòm ak bezwen ou. HandholdMA.org bay yon gid itil pou fanmi yo sou kijan pou yo kòmanse ak eksplore opsyon yo pou jwenn sèvis ki pi apwopriye pou fanmi yo.
3. Sèvis sa yo ka gen non diferan selon konpayi asirans lan. Blue Cross Blue Shield rele yo Intensive Community Based Treatment (ICBT), pandan ke Point32Healthcare rele yo Behavioral Health for Children and Adolescents (BHCA). Lè w kontakte sèvis kliyan konpayi asirans ou, asire w ou itilize non espesifik ke asirans ou a itilize pou w ka jwenn enfòmasyon egzak sou sèvis yo. Konsilte sitwèb Insurance Massachusetts Division la pou w ka jwenn enfòmasyon egzak sou sèvis yo.
4. Lè w rele founisè swen yo, asire w ou gen kat asirans ou epi prepare kesyon ou yo. Pa bliye enfòmasyon founisè a sou nenpòt fleksibilite nan orè pitit ou, tankou lè ki disponib pandan jounen lekòl la oswa nan wikenn.



Ti gason azyatik ki andikape ak ti fi ki otis k ap aprann kolorye/penn lekòl la

5. Fè prèw de pèsevèrans. Rele founisè swen yo chak 1 a 2 semèn pou w jwenn enfòmasyon sou disponiblite pèsonèl la. Plizyè faktè ka enfliyanse tan dantant la, ki ka pi long oswa pi kout pase estimasyon inisyal ou te resevwa nan men yon founisè.
6. Fè pasyans. Pwoblèm pèsonèl nan ajans lan ka limite èdtan sèvis yo oswa pwolonje tan dantant la.
7. Ou pa ka jwenn yon founisè ki disponib? Mande asirans ou èd. Kenbe nòt sou tout apèl ou fè. Pran nòt sou: Ajans ou te rele a, moun ou te pale avè l, tan dantant yo te ba ou, nenpòt lòt detay enpòtan. Li enpòtan pou w kenbe tras de tout tantativ ou yo pou w ka pataje enfòmasyon sa yo ak asirans ou, sitou si w bezwen mande otorizasyon pou itilize yon founisè ki pa nan rezo a atravè yon akò ka inik (Single Case Agreement).
8. Fè yon rechèch sou [sitwèb](https://www.mabhaccess.com) Massachusetts Behavioral Health Access (MABHA) : (<https://www.mabhaccess.com>). Sit MABHA pèmèt ou jwenn plas ki disponib pou plizyè kalite sèvis, tankou Analiz Konpòtman Aplike (ABA), Inisyativ pou Sante Konpòtman Timoun (CBHI)/BHCA, ak lòt sèvis sante mantal. Youn nan pi gwo avantaj sit sa a se ke founisè yo mete mizajou sou disponiblite aktyèl yo dirèkteman sou platfòm lan. Pou rezon sa a, nou rekòmande w vizite sit sa a, kèlkeswa asirans ou genyen, paske anpil founisè ki nan rezo Massachusetts Behavioral Health Partnership (MBHP) travay tou ak lòt konpayi asirans.
9. Gade lis founisè sèvis BHCA ke konpayi asirans ou sipòte sou [sitwèb Entènèt Divizyon Asirans](https://www.mass.gov/info-details/behavioral-health-services-for-children-and-adolescents-bhca) Massachusetts - <https://www.mass.gov/info-details/behavioral-health-services-for-children-and-adolescents-bhca> (sèvis sante pou timoun ak adolesan).
10. Si yon founisè nan rezo asirans ou a di w li sèlman aksepte MassHealth, kontakte konpayia sirans ou an, Division of Insurance et/ou Insurance Resource Center la.
11. Yon founisè ka konseye w retire pitit ou nan asirans prive pou l ka jwenn tretman atravè MassHealth. Sa pa konfòm ak règleman MassHealth. Kontakte Insurance Resource Center pou w jwenn asistans.
12. Tout pwofesyonèl pa nesèsèman ap anfòm ak pitit ou. Li posib ke pitit ou (ak rès fanmi an) bezwen yon peryòd adaptasyon. Poze kesyon, fè rechèch, men si w toujou pa santi w alèz oswa si w gen enkyetid, mande ajans lan pou yo ba w yon lòt founisè ki ka travay ak pitit ou.



Gwoup timoun divèsif ki alonje pandan y ap gade kamera a

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon ak asistans, kontakte CRI nan 774-455-4056 oswa voye yon imel nan airc@umassmed.edu

Fich enfòmasyon sa a disponib sou sit entènèt nou an nan www.massairc.org.

Eskane kòd QR la pou konsilte fich enfòmasyon sa a anliy



<https://bit.ly/4jNeTTu>

Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal (Insurance Resource Center for Autism and Behavioral Health) se yon pwogram Eunice Kennedy Shriver Center. Sant la resevwa finansman an pati atravè sibvansyon ak kontra ki soti nan Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Sosyal Massachusetts (EOHHS), Depatman Sèvis Devlopmanal Massachusetts (DDS), Depatman Sante Mantal Massachusetts (DMH), Depatman Edikasyon Elemantè ak Espesyal Massachusetts (DESE), Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH), Fondasyon Nancy Lurie Marks Family, Fondasyon Doug Flutie Jr. pou Otis, Bailey's Team for Autism, Blue Cross Blue Shield Foundation of Massachusetts, Boston Children's Hospital, ak UMass Chan Medical School. **Feyè enfòmatif sa a te**

aktyalize pou dènye fwa an 02/2025.

UMass Chan Medical School

55 Lake Avenue North Worcester, MA 01655-0002

Copyright © 2025 University of Massachusetts - Tout dwa rezève.